

CERITA CEKAK



Malem Siji Suwa

Dening Ngatilah SPd

Cerita Cekak Malem Siji Sura

Oleh :
Ngatilah, S.Pd



Cerita Cekak Malem Siji Sura

Penulis : Ngatilah, S.Pd.
Cover : Mul
Layout : Prayitno

Cetakan Pertama, Januari 2021
14.8 x 21.0 cm, vii + 175
ISBN :

Diterbitkan Oleh
Perkumpulan Rumah Cemerlang Indonesia
ANGGOTA IKAPI JAWA BARAT
Pondok Karisma Residence Jalan Raflesia VI D.151
Panglayungan, Cipedes Tasikmalaya – 085223186009
Website : www.rcipress.rcipublisher.org
E-mail : rumahcemerlangindonesia@gmail.com

Hak cipta dilindungi undang-undang
Dilarang memperbanyak buku ini dalam bentuk dan dengan
cara apapun tanpa izin tertulis dari penulis dan penerbit
Undang-undang No.19 Tahun 2002 Tentang
Hak Cipta Pasal 72

Weca Wiwitan

Wonten in kalodhangan menika, sepisan kula ngaturaken maturnuwun dhumateng ibu Ngatilah, S.Pd ingkang sampun purun ngempalaken crita cekak dados buku kanthi irah-irahan “Malem Siji Sura”.

Menika isinipun kempalan cerkak anggitanipun ibu Ngatilah, S.Pd ingkang saperangan ageng natih kapacak wonten ing Rubrik Mekar Sari SKH Kedaulatan Rakyat, majalah Djaka Lodang lan sanesipun. Cerita cekak anggitanipun ibu Ngatilah ngemot pitutur tumrap panggesangan saben dintenipun. Bab menika laras kaliyan profesinipun pinangka dwija (guru).

Pramila Cerita Cekak Malem Siji Sura menika sae sanget utawi cocog kanggenipun para bapa ibu guru saha masyarakat luas ingkang ambyur wonten ing madyaning bebrayan. Jalaran kanthi maos *Malem Siji Sura* kita dipun ajak *melek* dhateng kedadosan ing sakiwa tengen kita. *Melek* kangge nyumurupi menggah menapa ingkang kedah kita waspadakaken wonten ing bebrayan agung.

Salajengipun Ibu Ngatilah, S.Pd yektos sampun kathah sanget anggitanipun ingkan kapacak wonten in Koran (KR, Harjo, Tribun) saha majalah (Memetri, Mentari, Djaka Lodhang, Guruku, Belik, DKS). Tahun 2008 dados Juara I (Novel) Tingkat Nasional. Tahun 2010 Juara Utama Cerkak Tingkat Nasional. Tahun 2015 Juara II Essay Regional.

Wonten ing bab nyerat sastra, ibu Ngatilah saestu sampun kathah pengalamanipun. Wiwit tahun 2016 dumugi 2022 karya sastranipun tansah sasap seleksi lan kalebetaken wonten ing cerkak, essai lan gurit *produksi* Dinas Kebudayaan Propinsi DIY.

Piyambakipun ugi sangkut wonten in Paguyuban Sastra Budaya Jawa (Pasbuja) Kawi Merapi Sleman pinangka sekretaris.

Sleman, 17 Juli 2023
Ketua Umum
Pasbuja Kawi Merapi

Sutopo Sugihartono
Redaktur Mekar Sari
Kedaulatan Rakyat Yogyakarta
(purna tahun 2022)

Saklimah

Alhamdulillahirrabil'alamin, puji syukur konjuk Ngarsa Dalem Gusti Allah Subhanahu Wata'ala, ingkang tansah paring kasarasan sengkut lan gumregah kangge ngempalaken cerita cekak-cerita cekak anggitan kula. Ing pangajab kanthi kula kemapalaken dados buku cerita cekak “Malem Siji Sura” mugi saget dados *prasasti* (tetenger) tumrap *karya tulis* kula.

Cerita Cekak “Malem Siji Sura” menika isinipun kempalan cerita cekak ingkang natih kapacak wonten ing Rubrik *Mekar Sari SKH* Kedaulatan Rakyat, Majalah Djaka Lodhang lan sanesipun.

Dene kula pendhet irah-irahan “Malem Siji Sura” menika mujudaken alih basa saking cerita pendek “Malam Satu Muharram” pinangka juara utama Nasional di Majalah Guruku tahun 2010.

Ing pangajab, mugi menika saget dados waosan ingkang ngemot wos pitedah kagem para sutresna sedaya.

Paguyuban Sastra Budaya Jawa
(Pasbuja) Kawi Merapi
Sleman, 15 Juli 2023

Ngatilah, S.Pd.

Daftar Isi

Halaman Judul.....	i
Weca Wiwitan.....	iii
Saklimah	iv
Daftar Isi	vi
Malem Siji Sura.....	1
Nyebul Merapi Kepaten Obor.....	10
Ulere Wis Lerem	14
Bius Lokal	19
Ider-Ider NEM.....	25
Durung Cetha.....	31
Topi Miring.....	36
Bom-Boman	41
Pedhes Rasane, Pedhes Regane	45
FESBUK.....	51
Banyu Gendheng	55
Anakku Ilang	68
Celengan Jago.....	74
Jeneng.....	80
Esuk	86
Bada	99
Patemon ing De Laxston	104
Getun.....	111
Mbanyu Mili.....	119

Dakwa.....	126
Mbabar Pitutur	131
Ora Nunggu.....	138
Dak Luru Tekan De Laxston	144
Kepungkur	150
Bakul Kembang.....	155
Wedang Sere-Jahe	161
Sekolah Ana Ing Omah.....	167

Malem Siji Sura

Udakara sajam kepungkur srengenge angslup. Tandhane wayahe wis surup. Wernaning layung kang katon endah ing langit lambat-lambat banjur ilang. Wengi nyata wis teka. Peteng, lantaran Dewi Rembulan lagi dandan. Durung gelem njedhul, rumangsa durung ayu. Durung gelem muncul ing bumi, nuduhahake endahing pasuryane.

Saiki dina Kemis, malem Jemuwah. Tanggalan wernane abang. Tandha yen prei tanggal 1 Muharan. Yaiku wiwitan taun Hijriyah. Wong Jawa padha ngarani tanggal 1 Sura. Mahargya tanggal 1 Sura ngene iki, ana laku-laku tartamtu sing ditindakake dening para sepuh.

Salah sijine yaiku lek-lekan utawa ora turu sawengi natas. Ancase, mikir kanthi wening, nata ati, nglelimbang lan mawas dhiri. Taun nyata wus gumanti, wilangane sangsaya tambah. Ing wilangan sing tambah akeh iki, jejer minangka manungsa apa wis sangsaya becik? Apa wis tambah ilmune? Budi pakartine? Iman lan taqwane?

Dian Kinanti, guru mudha telung taun kepungkur diangkat minangka PNS. Guru sing mapan ing sapinggiring kutha. Ing papan panggonane, tradhisi mahargya malem siji Sura isih dha dianakake. Mula, Bu Dian wengi iku melu metu dikancani Dani, adhine. Numpak mobil Starlet kagungane bapakne. Dani nyopiri

ndherekake mbakyune tumuju dalan Mataram. Arep tuku klethikan kanggo tirakatan utawa lek-lekan.

Bu Dian eling banget pangandikane eyange, “Malem 1 Sura kudu melek.” Ukara sing ringkes kuwi kerep banget dingendikakake dening eyange saben nyedhaki malem 1 Sura.

“Hap....” Dani ngerim ngeget. Ujug-ujug lampu kuning ing trafict light andang ganti abang. Bu Dian kaget, siraha kejedhut sandharan kursi.

“Astagfirullah... kowe ki lho, Dan. Mbok ya sing ati-ai....”.

Dani noleh sinambi ngacungake jompol marang Bu Dian.

Dian nata napas. Banjur mbukak kaca jedhela “Klik...” bareng karo kuwi, ana pengamen 2 mangaggo sarwa ireng nyedhaki. Bocah telu liyane nyedhaki mobil liyane sing uga mandheg ing prapatan iku.

“Tuhan kirimkanlah aku.... kekasih yang baik hati, yang mencintai aku apa adanya”.

Ngono mau lagu sing dinyanyekke dening pengamen mau.

Bu Dian mak gregel. Dheweke apal banget marang suara iku. Rikala ing sekolahane ngadani classmeting. “Ning, apa iya?” pikire. Gage njupuk dhuwit banjur diwenihakake marang pengamen mau. Lan rikala tanganne ngulungake dhuwit ewonan lan wektu kuwi uga pengamen mau nampani lan mripate Bu Dian gathuk karo pandelenge pengamen mau. “Sssrr....” Unining mesin mobil lumaku maju, lampu bangjone sing maune abang

murup dadi ijo. Atine Bu Dian ser-seran ngluwihi swaranig mesin mobile.

Dian Kinanti guru matematika sing lugu nanging ayu iku, sing wektu iki ing njero mobil dikancani adhine, amem meneng datan bisa kumecap. Dheweke ora percaya marang apa kang nembe kelakon lan diweruhi. Napase sengkil. Pikirane ora karuhan, “Geneya cah 3 ing antarane cah 5 mau pranyata muridku, ngapa sebabe cah-cah mau kudu ngamen?” Mangkono panglocita ing atine.

“Ngapa Mbak Dian kok nangis?” pitakone Dani.

“Dan... pengamen mau, pranyata muridku...”

Dani mung manthuk, ning ora ngerti apa sing dipikirke dening mbakyune bab pengamen mau. Ing dalan Dian mung meneng, amem.

Adicara tirakatan (lek-lekan) diadani ing plataran. Klasa digelar. Klethikan lan unjukan dadi pasugatan ing adicara iku. Enom tuwa padha ngumpul ing kono. Ing platarane Pak Zaenal, Bapakne Bu Dian.

Wong-wong dha lek-lekan tumekaning wengi. Wong-wong mau dha ora nggraita yen ana sing ora melu ngombyongi adicara kuwi. Yaiku Dian Kinanti.

Dian njegreg ing meja kerjane. Dian mung meneng ora ngapa-ngapa. “Kowe ora melu lek-lekan, pa?” pitakone Pak Zaenal kalane arep melu tirakatan.

“Kula lek-lekan wonten griya mawon, Pak. Ajrih yen masuk angin.”

Dian njupuk kertas lan potlot. Banjur miwiti nulis isining ati sing ngebaki pikirane. Dian rumangsa bodho. Sasuwene iki, dheweke nganggep menawa kabeh muride padha. Dheweke ora nate nggatekake asal-usul lan kahanan ekonomine muride. Pranyata kahanane muride werna-werna. “Ana sing dadi pengamen?”

Geneya dheweke nuntut para muride kudu dandan rapi? Disetlika? Kapan kesempatane anggone nyetlika yen kudu mbantu wong tuwane golek pangan? Apa ana listrik? Njur sedulure cacahé pira?

“Malem sji Sura kudu melek!” mangkono pangandikane eyange Dian. Saiki Dian lagi ngerti, tegese melek sing sabeneré. Dheweke lagi melek marang kahanane muride. Geneya? Sewengi natas Dian ora turu, gawang-gawang katon siji mbaka siji murid-muride sing cacahé udakara 600-an. Dian kepengin nekani muid-murid mau. Ana sing saka ndesa, pinggir kutha lan tengah-tengah kutha. Ana anak pejabat, anak kolong lan ana uga sing mlarat.

Dian nyoba mbukak mripate, Dian melek. “Astagfirullah, bocah-bocahku ana sing ngamen?” swara sing ngosik atine. Atine sedhih, perih rinujit-rujit. Dleweran luhe netes ing pipine. Ora nyana, luh mau netes ing kertas sing lagi ditulisi mau. Tulisan sapa

aruh marang murid-muride. Tulisan kuwi....eman banget, saperangan luntur ketetesane luh. Kaya lunturing rasa ing atine wektu iki. Dian trenyuh banget wektu iki. Durung tau kemliwer ing pikirane, menawa ana ing antarane muride ana sing kudu ngamen. “Pantes yen ana PR sing ora kegarap....” pikire.

Malem siji Sura iki, ndadekake Dian nyata-nyata melek. Dian kepengin ngrangkul kabeh muride. Kanthi asih tresna minangka ibu, tresnane minangka guru, kanthi kanthi kebak pengrengkuh kayadene wong tuwane dhewe.

Sekolah ngadani perayaan Tahun Baru Hijriyah. Gasik banget Dian teka ing sekolahan. Nadyan sewengi natas Dian ora turu. Dian kepengin aruh-aruh marang kabeh muride. Nyalami lan nyedhaki. Mbaka siji bocah-bocah padha teka kanthi polatan bungah suka gambira. Mesem ngguyu padha geguyonan. Pas ing urutan tekane murid kelas 9, ana cah telu sing teka bebarengan. Gemeter atine Dian rikala weruh tekane bocah-bocah mau. Cah telu mau sopan kurmat. “Ayo neng ruangku!” celathune Dian marang cah-cah mau.

Bocah telu mau manut. Dian takon kedadeyan mau bengi. Cah-bocah mau wangsulan polos menawa anggone ngamen kanggo golek tambahan nyukupi kebutuhan keluargane. Ibune ora nyambut gawe jalaran adhine sing isih cilik lara. Bapakne tukang becak penghasilane sithik. Omahe neng pinggir kali. Dene bocah liyane wis ora duwe Bapak lan bocah sijine maneh ora ngerti neng

endi wong tuwane saiki. Urip mung karo simbahe, randha tur wis sepuh. Biaya sekolahe njagakake dana Bantuan Operasional Sekolah (BOS), uga nampa bantuan sosial saka lembaga sosial ing kampunge, kampong pinggir kali. Kampung sing melu ngopeni murid-muride Dian. Lan.....bocah-bocah mau sing mbuka mripate Dian. Melekake mripate ing Malem Siji Sura.

Dian saiki sadhar. Dheweke ora bisa madhakake kabeh muride. Apa maneh bab kelengkapan alat sekolah lan uga sandhanganne. Ana sing sepatune kinclong, nanging ana uga sing mbekusuk lan lusuh. Jalaran kahanan ekonomine pancen ora padha.

Awan iku Dian tatu 30 kg beras lan 3 dhus mie instan. Diparingke marang pengamen cacah telu sing ora liya murid-muride mau. Bocah-bocah mau ngaturake panuwun lan ndongakake Dian. “Matur nuwun, Bu Dian.... Mugi-mugi sukses selalu....” tembungé cah telu bebarengan. “Amien....” Wangsulane Dian kanthi trenyuh karo ngusap luh kang netes ing netrane.

Senin esuk. Bu Dian Kinanti rawuh paling gasik. Ngadeg ing gapuraning sekolahan nyalami murid-muride. Mongkog atine nyawang bocah-bocah sing gumyak gambira. Bocah-bocah sapa aruh kanthi kurmat marang gurune, sungkem lan salaman. Nanging... ana bocah telu sing ragu-ragu ora ndang maju. Dheweke mandheg, “Bu....” Salah sijine saka bocah telu mau

matur ning njur mandheg ora wani mbacutake. “Ana sing isa Ibu bantu, Nak?” ngono mau padatane Dian aruh-aruh marang muride.

“E..e...nganu, Bu ...napa pareng rasukanipun ibu kersanipun digirahi Emak kula?” bocah mau nerusake ature. “Oh ya...? Bisa, sesuk takgawane, ya?” Kandhane Dian karo mesem. Sendayan jan-jane ora ana klambi sing reged neng omahe. Saben dina Dian sregep ngumbahi sandhanganne.

Tekan omah Dian Kinanti bingung. “Apa sing arep diwenhake marang bocah mau sing bakal dikumbahi?” Diklumpukake sandhangan lawas sing jan-jane resik. Banjur dibungkus taplak meja. Bungksan mau diterake ing omahe bocah mau. Satekane ing omahe bocha mau, atine Bu Dian sangsaya trenyuh.

Omah cilik ukuran patang meter persegi, atepe seng, adegadege kayu, jrambahe lemah ditutup karpet plastik. Dinggoni wong 6, bapak ibu lan anake 4. Kuwi omahe Warih muride. Sing saben wengi ngamen, kanggo ngewangi golek dhuwit kanggo nyukupi kebutuhan brayate. Mbantu Bapak lan Emake.

“Sugeng sonten, Bu Dian” tembungge emake Warih. Bu Dian gage ngrangkul wanita mau. Atine sedhih lan perih, nyawang nasibe kaume. Wanita ngopeni bocah papat, urip sarwa kekurangan. Kudu nggedhekake bocah-bocah lan nyekolahke. Nuntun lan ngarahke anak-anake murih bisa urip mulya.

Atine Dian sangsaya rinujit-rujit. Mripate saya melek nyawang kahanan sing lagi wae disumurupi. Guru mudha kuwi saiki lagi ngronce lan ngenam pengalaman. Pengalaman pait sing lagi wae disumurupi. Didadekake reroncen hiasan endah jroning laku jantraning uripe.

Tumrap dheweke, guru kudu melek sakabehe. Kawiitan saka pengalamane, ing malem siji Sura ginugah dening lelagon endah swaraning bocah ngamen. Sing ora liya yakuwi murid-muride. Ngidungake swara atine. Amrih Gusti nyata welas asih marang umate.

Bu Dian nyoba takon lelarane adhine Warih. Pranyata larane cangkrangen. Adhine ana loro sing lara cangkrangen. Lelara iki gampang banget anggone nular. Apa maneh kahanan lan papan panggonane sing sumpek njalari gampang nulare lelara iki.

Setengah jam sabanjure Dian pamitan. Nyawang sakiwa-tengene omahe Warih, racak meh padha. Dian muji syukur, dene ing papan lan lingkungan sing miskin iki tetep ana krenteg kanggo nyekolahke anak-anake. Ateges wong-wong ing kene isih duwe cita-cita utawa gegayuhan kanggo minterake putra-putrine kanthi nyekolahake. Dian meneng tumungkul klawan ngglelimbang.

Kira-kira ana pira Dian-Dian sing isih murub mubyar, byak..., mblalak mbukak kebukak mripate, aruh-aruh marang muride siji mbaka siji? Apa kabeh guru wis dadi Dian-Dian

Kinanti? Lampu-lampu pepadhang sing tansah sumandhing madhangi ati lan kahanane para murid? Engga pantes dipahargya kanthi tembang: *Guru bak pelita, penerang dalam gulita. Jasamu tiada tara* (cuplikan lagu “Jasamu Guru” ciptaan M. Isfanhari).

Yogyakarta, 24 Desember 2009

Alih basa cerpen : Malam Satu Muharram

Pemenang utama cerpen di Majalah Guruku Jakarta, Mei 2010

Nyebul Merapi Kepaten Obor....

Jam loro bengi. Kaya padatan, pitik jago ing mburi omah wis kluruk. Najan durung kabeh kluruk. Tanda wayah esuk wis meh teka. Nastiti ngulet, ngulur boyok. Banjur namatake jam tembok. “Jam loro”.

Sawise saka kamar mburi, mlebu kamar bali namatake jam. Jarum dawa wis neng angka 3. Wis seprapat jam olehe tangi. Wektu kaya lumaku banter. Nastiti banjur shalat lail. Ngeningke cipta, dhedhepe marang Gusti kang Kuasa, nyuwun keslametan.

Rampung ngeningke cipta. HP kang ana ing meja dibukak. Klik! Layar cilik ing HP ana angka 3 lan gambar amplop. “Ana SMS” panggraitane. Amplop arep diwaca. Mas Affandi kancane ngabari menawa mau bengi wiwit jam rolas desane udan krikil. Amplop nomer loro diwaca, Mas Herman uga ngabari yen wis kudu ngungsi merga klebu kukuban rawan bencana. Dene amplop nomer telu, saka Kang Trimman, kanca rakete. “Sugeng tanggap warsa Yu, ora nyebul lilin, ning nyebul Merapi.... he....he”. Nastiti mesem. “Dasar wong seneng mbanyol..... sapa sing isa nyebul Merapi!” guneme ati ing bengi iku. Pancen ngepasi tanggal lima Nopember. Lan ngepasi uga tahun 2010

tanggal kuwi gunung Merapi njeblug. “Hah....” mung kuwi kang kawetu. Atine krasa ora kepenak.

Wewayangan sing wis meh patang puluh dina kuwi dina iki kawaca maneh. Nastiti kelingan tanggal lima Nopember kang lagi wae arep dilaleke. Kedadean sing nrenyuhake. Sing kudu melekke paningal kanthi wening. Pengetan dina kelairane Nastiti bebarengan jumedhule kahanan kang nggegirisi. Kahanan kang ngiris-iris ati. Dina kang wis suwe diantu-antu. Digadhang bakal dipengeti ing rumah makan kondhang. Bareng sakanca kantor. Kabeh cabar, wurung. Merga donyane lagi mendhung. Peteng lelimangan, sunare srengenge ketutup awu. Donyane santrut. Kabeh melu ngrasakake. Pambela sungkawa lan bantuan kamanungsan dlidir ilir saka sedulur-sedulur sing peduli.

Nastiti kudu rila. Pengetan kelairane kudu dienggo nata ati, ngenam pikir, olah rasa. Kanggo maca kahanan, kanggo melekke mripat. Supaya padha weruh marang panandhange sedulur kang lagi kesusahan, kacilakan. Ora kudu mubra-mubru kanggo seneng-seneng sing ora ana pitayane.

Nanging SMS-e mas Tri kaya kebak wewadi. Dheweke terus murca. Ilang saka *peredaran*. Kena apa dheweke? Ngapa dheweke? Menyang endi lungane? Geneya ora kabar-kabar? Geneya HP-ne ora bisa dihubungi? Kedadean apa sing wis gawe owah? Apa sinyale HP-mu ketutup awu Merapi? Apa malah...? Ah! Nastiti ora wani mbacutke. Tembung sing keru mau

ndadekake pitakon gedhe ing atine. Ana rasa sumelang. Ana rasa ora jenjem. Apa kang njalari mitrane “*hilang dari peredaran?*” Kudu takon sapa? Kaya kabeh wis kena awu, banjur padha meneng, anteng, bisu.

Sabubare gunung Merapi jeblog, Nastiti wis ketemu mas Affandi apa dene mas Herman. Wis padha ngaruhke kahanan sing sabenere. “Nek nggonku ora rusak kok Yu, ya mung siyaga wae...” pratelane mas Herman. “Tki... njenengan tak kado kenangan krikil Merapi...” guyonane mas Affandi. Nastiti mung mesem.

Sing durung bisa ketemu tekan wektu iki ya mung mas Tri. Apa dheweke dadi relawan? Sedhela-sedhela Nastiti nyoba nilpun nyang nomer HP-ne. “*Nomor yang anda tuju sedang tidak aktif atau di luar jangkauan, cobalah beberapa saat lagi...*” tansah angel dihubungi. Di SMS ya ora tau antuk wangsulun, kepara malah “*pengiriman gagal*”.

“Banjur aku arep takon sapa?” pitakon Nastiti marang atine dhewe. Kamangka mas Tri wis nate janji arep nggladhi kawruh basa Jawa. Bakal nggladhi carane dadi penulis. Nastiti rumangsa **kepaten obor**. “Apa mas Tri...? Ah! Pikiranku ngambra-ambra.” Ana rasa bingung, ana rasa sumelang. *Bingung*, merga Nastiti lan Hendar wis natih dijanjeni arep digladhi basa Jawa sing nyata adi luhung. Dene wektu iki kaya kepaten obor. *Sumelang*, geneya tekan saiki ora ana kabare?